



IHUNGABANYWA RY'AMASHAMBA RIRAFISE INGARUKA MBI KUBINYABUZIMA BIFASHA MW'IRONDOKA RY'IBITERWA MU BURUNDI

Ndayikeza Longin & Nzigidahera Benoît

Irondoka ry'ibiterwa n'ibinyabuzima bifasha murico gikorwa

Irondoka ry'ibiterwa rishoboka habaye guhuza udutete tw'igitsinagabo n'udutete tw'igitsinagore tw'amashurwe y'ibigiterwa bisangiye ubwoko. Ibinyabuzima bifasha mw'irondoka ry'ibiterwa n'ibinyabuzima bifasha gutwara udutete tw'igitsinagabo tuva kw'ishurwe ry'igiterwa tuja guhura n'udutete tw'igitsinagore tw'ishurwe ry'ikindi giterwa kuko igiterwa kidashobora kugenda kuresha ikindi giterwa bidasangiye igitsina kugira bibihuze. Igiterwa kirakenera rero ikinyabuzima kigifasha guhuza udutete tw'igitsinagabo n'udutete tw'igitsinagore. Ico kinyabuzima rero ni « ikinyabuzima gifasha mw'irondoka ry'ibiterwa »



Ifunderi: Irafasha cane mw'irondoka ry'ibiharage

AKAMARO IBINYABUZIMA BIFASHA MW'IRONDOKA RY'IBITERWA BIDUFITIYE

Ibiterwa vyinshi birimwa bitanga umwimbu kubera inzuki mukubifasha gutanga ivyamwa n'ukwongereza ubwiza canke ubwinshi bw'umwimbu. Vyaragereranjwe ko ibifungurwa igihugu icarico cose cimbura kibikesha irondoka ry'ibiterwa.



Mu Burundi, ibiterwa vy'ibiharage biragenderwa cane n'inzuki z'ubwoko bw'amafunderi mu gufasha kwongereza umwimbu.



Inyanya zirakenera nazonyene ibinyabuzima bizifasha mw'irondoka kugira zitange ivyamwa



Ibigazi na vyo birakenera ibinyabuzima bibifasha mw'irondoka vyo mu bwoko bw'ibivumvuri

IHUNGABANYWA RY'IBINYABUZIMA BIFASHA MW'IRONDOKA RY'IBITERWA

Guhonya amashamba agasubirizwa n'imirima canke ibisagara biri mu bintu vyambere bihungabanya ry'ibinyabuzima bifasha mw'irondoka ry'ibiterwa. Kurivyo harongerako guturira amashamba n'imiti ikoreshwa mu mirima.



Ahantu hahinduw indimiro ata mashamba akihari



Imiriro ya Nyakanga mu myaba



ikoreshwa ry'imiti mu mirima

TWOKORIKI NGO DUKINGIRE IVYO BINYABUZIMA?

- 1) Twokingira amashamba atuma ibinyabuzima bifasha mw'irondoka ry'ibiterwa bironka imfungurwa zikwiye umwanya wose, twokwirinda imiriro ya yankanga kandi two kwijukira gutera ibiti kama mu bisagara;
- 2) Twokwijukira gutera ibiti inzuki zikunda kudaha mu mirima canke ku nkenera yayo kugira tubungabunge ibinyabuzima vyose ;
- 3) Twokwijukira kwubakira inzuki aho zita amagi kugira tuzifashe kurondoka n'ukubungabunga uruvyaro rwazo.

Ikigo c'igihugu cujejwe gukingira ibidukikije mu Burundi

2757 Bujumbura, Ter. : (257)22234304
Site web : <http://bi.chm-cbd.net>

Avec le soutien de
LA COOPÉRATION
BELGE AU DÉVELOPPEMENT



CEBioS

